

## REZIME POLITIK PWOGRAM ASISTANS FINANSYÈ A

### Apèsi

Se politik UMass Memorial Health (“UMMH”) pou bay sèvis swen gratis oswa ak rabè bay pasyan ki montre bezwen finansyè pou swen medikal, ijan ki nesèsè nan tout zòn lopital sa yo: UMass Memorial Medical Center, UMass Memorial - Clinton Hospital, UMass Memorial - HealthAlliance Hospital, UMass Memorial - Marlborough Hospital, ak UMass Memorial - Harrington Hospital. UMMH bay plizyè opsyon pou redui depans k ap soti nan pòch pasyan pou montre bezwen finansyè, tankou ede pasyan anrejistre nan pwogram Health Safety Net ak lòt Pwogram asirans yo, Commonwealth of Massachusetts esponsòrizè, rabè sou pèman byen rapid ak Pwogram Asistans Finansyè UMMH yo dekri anba. Anplis, UMass Memorial Medical Group ofri yon pwogram asistans finansyè sou baz frè ki kapab varye.

### Kijan pou Kalifye

Gen asistans finansyè ki disponib pou pasyan yo ak manm fanmi yo kote revni kay la mwens pase 600% liy direktiv povrete federal la. Si ou kalifye, yo pa pral chaje w plis pase kantite yo souvan chaje pasyan ki gen asirans yo.

Pou ou kapab detèmine, kalifye, ou dwe:

- aplike pou tout asistans medikal eta oswa gouvènman an ou ka kalifye.
- ranpli, siyen ak mete dat Pwogram Asistans Finansyè a.
- bay prèv verifikasyon tout revni kay la.
- retounen aplikasyon ou ranpli an bay Depatman Konsèy Finansyè.

### Fason pou Aplike

Kontakte Depatman Konsèy Finansyè pasyan an pou mande gratis, yon kopi papyè Asistans Finansyè ak Politik Kredi ak Koleksyon an, aplikasyon Asistans Finansyè ak enstriksyon sou kijan pou w ranpli li. Ou kapab fè demann sa nan telefòn, fas-a-fas oswa nan imèl.

Enfòmasyon pou kontakte konsèy finansyè UMass Memorial Medical Center:

- Telefòn: 508-334-9300
- Imèl: [needinsurance@umassmemorial.org](mailto:needinsurance@umassmemorial.org)
- Adrès: 67 Millbrook Street, Worcester, MA 01606

Rezime Asistans Finansyè UMMH ak Politik Kredi ak Koleksyon, aplikasyon Pwogram Asistans Finansyè ak enstriksyon kijan pou ranpli li disponib ann Angle, Panyòl, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamiyen, Albanyen ak Arab sou sit entènèt UMass Memorial Health.

Ale sou [www.umassmemorialhealthcare.org](http://www.umassmemorialhealthcare.org) Konsèy Finansyè >Pasyan ak Vizitè>. W ap wè lis fòm yo.